

## **Wwayaje San Danje Pandan Ijans Sante Piblik Covid-19 La**

COVID-19 kontinye pwopaje nan kominote nou yo. Pandan n ap deplase atravè vil la plis pou travay, lekòl la ak lòt bezwen, li enpòtan pou kontinye pran etap sa yo pou ede anpeche transmisyon COVID-19.

Kèlkeswa jan ou vwayaje a, sonje kat aksyon kle yo pou anpeche transmisyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si w ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl (tankou al [fè tèss](#)) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl yo.
- **Distans fizik:** Rete a yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- **Mete yon kachnen:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Kachnen yo ede redui pwopagasyon COVID-19 la.
- **Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl si savon ak dlo pa disponib; netwaye sifas moun touche souvan yo regilyèman; evite touche figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè w ap touse oswa etènye, pa itilize men ou.

### **Anvan ou soti**

- Prepare w – pote yon dezenfektan men ki baze sou alkòl, ti sèvyèt pou dezenfekte ak yon kachnen.
- Fè yon plan vwayaj — reflechi sou fason ki pi dirèk, ki gen mwens moun e ki pi an sekirite an pou ale.
- Orè enpòtan anpil — vwayaje pandan èdtan ki pa gen anpil aktivite si sa posib epi pèmèt tan siplemantè pou chanjman nan vwayaj.

### **Mache**

- Mache chak fwa sa posib — mache diminye foul, li bon pou anviwònman an epi li ajoute egzèsis nan jounen ou.
- Rete sou twotwa a epi evite lari ki gen anpil moun lè sa posib.
- Mete yon kachnen.

### **Monte bisiklèt**

- Planifye wout ou pou evite ri ki gen anpil aktivite yo epi sèvi ak liy bisiklèt pwoteje otank posib. Telechaje yon kat jewografik pou bisiklèt [isit la](#).
- Vizite [sit entènèt](#) Depatman Transpò NYC a pou aprann sou lwa sou monte bisiklèt NYC yo ak konsèy sekirite, sitou si ou fenk kòmanse monte bisiklèt nan vil la.
- Toujou mete yon kas epi pa monte sou twotwa a.
- Sèvi ak ti sèvyèt pou dezenfekte pou netwaye sifas bisiklèt yo ke moun manyen souvan anvan ak apre itilizasyon, tankou gidon, levye pou chanje vitès, manch fren ak chèz la, espesyalman si w ap itilize yon bisiklèt pou lokasyon.
- Kenbe yon distans ki egal a omwen yon longè bisiklèt ant ou menm ak lòt moun.

- Mete yon kachnen — li pa toujou posib pou pran distans fizik nan entèseksyon ak nan kèk liy bisiklèt.
- Sèvi ak dezenfektan men lè ou fini trajè ou epi lave men ou avèk savon ak dlo lè ou rive nan destinasyon ou.

### **Monte tren, tren banlye, otobis ak feri**

- Vizite [new.mta.info](http://new.mta.info) anvan ou kite kote ou ye a, pou w ka chèche konnen si gen yon pwoblèm sou liy transpò piblik ou a. Ou kapab enskri tou pou [alèt imèl ak tèks](#).
- Sèvi ak opsyon peman san kontak lè sa posib epi sèvi ak dezenfektan men apre ou fin itilize machin tikè yo.
- Kenbe yon distans omwen 6 pye de lòt moun lè w ap tann tren an, otobis lan oswa feri a.
- Si tren an, otobis lan oswa feri a gen twòp moun, rete tann pwochen an. Ou ta dwe ajoute tan vwayaj siplemantè pou w kapab fè sa!
- Mete yon kachnen tout tan – se lalwa!
- Manyen mwens sifas ke posib. Kenbe ba oswa manch tren an si ou oblije men sèvi ak dezenfektan men apre sa.
- Chita osi lwen de lòt moun ke posib oswa kanpe pito.
- Sèvi ak tout pòt ki disponib pou diminye foul.
- Si tan an pèmèt sa, rete deyò lè ou nan feri a.
- Sèvi ak dezenfektan men apre ou fin sòti. Lave men ou avèk savon ak dlo lè ou rive nan destinasyon ou.

### **Monte nan sèvis machin (tankou taksi, sèvis machin ki baze sou aplikasyon, sèvis livrezon ak Access-A-Ride)**

- Vwayaje poukont ou oswa avèk moun lakay ou. Evite vwayaje ak lòt moun paske li difisil pou prans distans nan yon machin.
- Mete yon kachnen — kachnen obligatwa pou tout pasaje ak tout chofè yo.
- Evite kontak ak sifas ke pasaje oswa chofè a manyen souvan, tankou manch pòt ak bouton fenèt yo.
- Toujou mete senti sekirite! Sèvi ak dezenfektan pou men apre ou fin mete senti sekirite a.
- Mande chofè a louvri fenèt yo oswa mete vantilasyon lè a nan mòd ki pa resikle a (non-recirculation) pou ogmante vantilasyon.
- Pran distans — chita nan chèz dèyè a epi chita osi lwen chofè a ke posib (tankou chèz dèyè ki sou bò pasaje a oswa, si w nan yon machin ki gen plizyè ranje, ranje dèyè a).
- Si veyikil la gen yon separatè plastik, mande chofè a pou fèmen li si li louvri.
- Sèvi ak peman san kontak lè sa disponib.
- Sèvi ak dezenfektan men apre ou fin kite machin lan epi lave men ou avèk savon ak dlo lè ou rive nan destinasyon ou.